

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

8YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION
GRADE 8 SOCIAL STUDIES
BOOK I
INTERMEDIATE LEVEL

NIVO ENTÈMEDYÈ EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

REPONS KI OBJEKTIF AK KONSTWI

5 JEN 2007

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy pi wo yo.

Tès la gen twa pati. Pati I ak II nan livrè sa a; Pati III nan livrè nimewo 2 a.

Pati I an genyen 45 kesyon ak chwa miltip. Mete repons kesyon ou yo nan fèy repons separe a. Itilize yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

Pati II konpoze ak plizyè kesyon ki mande repons kout. Ekri repons Pati II ou yo nan livrè tès sa a.

W'ap genyen inèdtan edmi $1\frac{1}{2}$ pou reponn **tout** kesyon nan Livrè 1.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN JISKASKE YO DI OU FÈ SA.

Copyright 2007

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

Pati I

DIREKSYON

Genyen 45 kesyon nan Pati I tès la. Chak kesyon gen kat chwa repons, ki nimewote 1–4. Li chak kesyon ak atansyon. Deside ki mo oubyen ki ekspresyon, nan sa yo bay yo, ki pi ale ak deklarasyon an oubyen reponn kesyon an. Sou fèy repons lan, pou ou ka make repons kòrèk la, ranpli ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a sou liy ti sèk ki genyen pou chak kesyon yo. Itilize yon kreyon pou make fèy repons lan.

Li egzanz kesyon pi ba a.

Egzanz Kesyon

Ki vil ki se kapital Etazini?

- (1) Boston
- (2) Washington, D.C.
- (3) Vil New York
- (4) Filadèlfia

Repons kòrèk la se **Washington, D.C.**, ki se chwa nimewo **2**. Sou fèy repons lan, gade bwat ki montre liy ki gen ti sèk repons yo pou kesyon egzanz lan. Kòm chwa nimewo **2** a se repons kòrèk pou kesyon egzanz lan, ti sèk nimewo **2** a ranpli.

Reponn tout kesyon nan Pati I yo menm jan an. Ranpli yon ti sèk sèlman pou chak kesyon. Si ou vle chanje yon repons, fòk ou si ou efase li konplètman. Ou gendwa pa konnen repons pou tout kesyon yo, men fè tout efò ou kapab ak chak kesyon.

Lè ou fini pati I, ale touswit nan Pati II.

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2 yo.

Palè Sayil Maya a Kraze



Sous: http://mayaruins.com/sayil/y2_025.html (adapte)

1 Ki syantifik sosyal ki te plis sanble li etidye objè da nan destriksyon sa a?

- | | |
|--------------|-------------|
| (1) akeyològ | (3) jeograf |
| (2) ekonomis | (4) sikològ |

2 Foto sa a ki montre destriksyon Maya se prèv moun Maya yo te

- | |
|------------------------------------|
| (1) kopye achitekti Iroquois yo |
| (2) konstwi edifis piblik an bwa |
| (3) devlope agrikilti sou teras |
| (4) etabli yon sivilizasyon avanse |

3 Yon teyori yo aksepte anpil di zansèt Endyen Ameriken Nativ Natal yo te imigre soti nan Lazi pou ale nan Lamerik pandan yo tap travèse

- | |
|------------------------------|
| (1) Ranje mòn Appalachian yo |
| (2) Detwa arèt tè Berring |
| (3) Oseyan Atlantik |
| (4) Great Plains |


4 Ki gwooup Ewopeyen ki te premye enstale vale Hudson River a epi te etabli sistèm patwonaj pwopriyetè tè?

- | | |
|---------------|-----------------|
| (1) Angle yo | (3) Franse yo |
| (2) Olandè yo | (4) Espanyòl yo |

5 Ki karakteristik jeografik liy kot Atlantik lan ki kontribiye plis nan ogmantasyon echanj kolonyal yo?

- (1) anpil zile nan lanmè yo
- (2) falèz wòch wo yo
- (3) pò natirèl yo
- (4) baryè resif yo

Sèvi ak ilistrasyon anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 6 la.



Sous: *Guide to the Essentials of World History*, Prentice Hall (adapte)

6 Yon konklyzon desen sa a byen apye se Echanj Kolonbyen an

- (1) te ogmante izolman ant Lewòp ak Lamerik
- (2) te mete fen nan komès esklav nan Emisfè Lès la
- (3) te fè maladi gaye kay Endyen Ameriken yo
- (4) te vin lakòz komès ant Amerik Dinò ak Lewòp bese

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 la.


Yon Seri Kilti Endyen Ameriken Natif Natal			
Kilti	Zòn	Sous Manje	Anviwonman
Kot Nòdwès Pasifik	Kot Lwès, Oregon jiska Alaska	Lapèch	Kòt, ak forè yo
Anasazi	Sidwès, prensipalman Arizona ak New Mexico	Agrikilti	Vale Rivyè ki Genyen Anpil Mòn
Iroquois	Nòdès, prensipalman New York	Lachas ak agrikilti	Rak Bwa nan Nò yo
Krik	Sidès, Alabama ak Georgia	Agrikilti ak enpe lachas	Klima nan Sid, semi twopikal

Sous: *Exploring American History Workbook*, Globe Book Co. (adapte)

7 Ki konklizyon sou Endyen Ameriken Natif Natal yo tablo a plis apiye?

- (1) Faktè jeografik yo te ede fòme stil lavi Ameriken Endyen yo.
 - (2) Anpil Endyen Ameriken te nomad.
 - (3) Kilti Endyen Ameriken yo te sanble anpil.
 - (4) Endyen Ameriken nan klima cho yo te pi avanse pase sa ki nan klima frèt yo.
-

Sèvi ak ti komik anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 la.



Sous: Benjamin Franklin, *Pennsylvania Gazette*

8 Ki dokiman ki plis asosye a ti komik sa a ki te desine an 1754?

- (1) "Mayflower Compact"
 - (2) Lòd Fondamantal Connecticut la
 - (3) Plan inite Albany an
 - (4) Pwoklamasyon Liberasyon
-

9 Rezon prensipal ki fè gouvènman Angle a te fè Pwoklamasyon 1763, ki te bani territwa kolonyal nan Lwès Mòn Appalachian yo, se te pou

- (1) evite konfli ak Endyen Ameriken Natif Natal yo
- (2) redwi aksidan pandan Lagè Franse ak Endyen yo
- (3) kenbe mache pou pwodwi manifaktire Angle yo
- (4) fè pwopagann pou koleksyon nouvo taks yo

ALE NAN LÒT PAJ LA ➔

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 lan.

Twa Kalite Koloni Angle nan Nò Lamerik			
	Koloni Koperasyon Fondatè Gouvènè	Koloni Wayal	Koloni Pwopriyetè
Relasyon Wa a ak Koloni an	Wa a te bay yon konpayi tè. Konpayi an te jere tè sa a. Konpayi fondatè yo te abitye dirije tèt yo poukont yo epi moun yo te kenbe dwa Angle yo.	Wa a ak minis li yo te dirije tè a.	Wa a te bay yon fanmi, yon moun, oubyen yon gwooup moun tè. Moun sa yo (pwopriyetè yo) te genyen menm katite pouvwa ak wa a sou tè yo.
Kijan yo Chwazi Gouvènè a	Moun ki kalifye pou vote te eli Gouvènè a.	Wa a mete yon gouvènè ak yon konsèy asistan. Gouvènè a te genyen pouvwa veto.	Pwopriyetè yo te abi tye mete yon gouvènè ak yon konsèy asistan.
Kijan yo Chwazi Lejislati a	De chanm lejislati yo (chanm wo ak chanm ba a) te eli ak vòt moun.	Gouvènè a ak konsèy la te fòme chanm wo. Moun te vote pou eli chanm ba a.	Gouvènè a ak konsèy la te fòme chanm wo a. Moun te vote pou eli chanm ba a.

Sous: Norman K. Risjord, *History of the American People*, Holt, Rinehart, and Winston (adapte)

10 Ki konklizyon enfòmasyon ki nan tablo a plis apiye aklè?

- (1) Laplipa fanm ekzèse dwa pou yo vote.
 - (2) Moun kap vote nan chak koloni te chwazi gouvènè pa yo.
 - (3) Laplipa koloni te genyen yon lejislati ki genyen yon chanm.
 - (4) Te genyen yon kalite demokrasi nan tout koloni Angle yo.
-

11 Kilès ki ekri pifò Deklarasyon Endepandans lan?

- | | |
|-----------------------|----------------------|
| (1) John Adams | (3) Patrick Henry |
| (2) Benjamin Franklin | (4) Thomas Jefferson |

13 Deba nan Konvansyon Konstitisyonèl (1787)

ant delege ki soti nan eta ki genyen gwo popilasyon yo ak eta ki genyen ti popilasyon yo te rezoud prensipalman ak

- (1) kreye yon lejislati ak de chanm
- (2) etablisman yon kontwòl federal sou komès ant eta yo
- (3) otorizasyon pou eta yo konte Endyen Ameriken yo nan popilasyon yo
- (4) sipò pou fòmasyon yon kolèj elektoral

12 Ki kote premye batay Revolisyon Ameriken an te fèt?

- | | |
|----------------|--------------|
| (1) Vale Forge | (3) Saratoga |
| (2) Lexington | (4) Yorktown |

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 14 la.

A	B
Te met tèt ansanm ak wa a	Te batay pou Lendepandans
Te asosye yo ak kilti Angle a	Te mete goudwon ak plim sou kostim ofisyèl yo
Anpil nan yo te pèdi kay yo pandan lagè a	Te denonse taksasyon san reprezantasyon
Te sipòte twoup Angle ak Esyan yo	Te antre nan milis epi te sèvi ak taktik geriya.

Sèvi ak tablo anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 18 ak 19 yo.

Branch Lejislatif (Kongrè) Ratifye lwa yo	Branch Ekzekitif (Prezidan) Ekzekite epi ranfose lwa yo	Branch Jidisyè (Tribinal) Entèprete lwa yo
---	---	--

18 Ki prensip politik yo montre nan tablo sa a?

- (1) federalis
- (2) pouvwa enplike
- (3) separasyon pouvwa
- (4) konstitisyon ki pa ekri

19 Ki konklizyon nan sistèm gouvènman yo adopte Ozetazini tablo a plis sipòte?

- (1) Moun kap vote yo eli manm twa branch yo.
- (2) Prezidan an genyen pouvwa pou li entèprete lalwa.
- (3) Yo kapab mande pou retounen sou desizyon Lakou Siprèm pran sou lwa yo
- (4) Toulètwa branch gouvènman yo afekte pa lwa yo.

20 Frederick Douglass, William Lloyd Garrison, ak Harriet Tubman, tout te lidè 19vyèm syèk nan mouvman pou

- (1) refòm prizon
- (2) etabli sifraj fanm
- (3) pwoteje Endyen Ameriken Nativ Natal yo
- (4) aboli lesklavaj

21 Yon objektif prensipal konvansyon Seneca Falls lan (1848) te pou

- (1) fòme yon nouvo pati politik
- (2) leve kanpe kont Lagè Meksiken an
- (3) fè pwopagann pou dwa fanm
- (4) amelyore edikasyon piblik

14 Ki de gwoup nan listwa Lamerik yo dekri nan kolòn A ak B yo?

- (1) Piriten ak Pèleren
 - (2) Angle ak Franse
 - (3) Lwayalis ak Patriyòt
 - (4) Federalis ak Antifederalis
-

15 Ki kalite dokiman ki, abityèlman, dekri estrikti debaz, fonksyon, ak pouvwa yon gouvènman?

- | | |
|------------------|----------------|
| (1) konstitisyon | (3) rezolisyon |
| (2) pwoklamasyon | (4) trete |


16 Nan lane 1820 yo, vil New York la te konekte ak rejon Great Lakes la gras a

- (1) Pony Express
- (2) Louisiana Purchase
- (3) New York Central Railroad
- (4) Kanal Erie

17 Prezidan Andrew Jackson te defann sistèm gate kòm yon avantaj pou demokrasi paske li

- (1) te kreye plis pati politik
- (2) te bay plis moun dwa pou yo vote
- (3) te ogmante pouvwa eta yo
- (4) te ranpli travay gouvènman yo ak sitwayen òdinè

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 an.



Sous: U. S. Bureau of the Census (adapte)

22 Ki dekalrasyon enfòmasyon nan graf la pi byen apiye?

- (1) Anpil moun ki te rete nan zòn iben yo te pòv.
- (2) Pousantaj popilasyon iben an te ogmante nan lane 1850 pou rive 1900.
- (3) Apati 1890, 70% popilasyon an te rete nan zòn riral.
- (4) Endistriyalizasyon te mennen yon ogmantasyon nan popilasyon riral lan nan fen lane 1800 yo.

23 Ki referans ki se yon sous prensipal dokiman Lagè sivil lan?

- (1) atik yon ansiklopedi sou avantaj Nò sou Sid
- (2) yon biyografi Jeneral Ulysses S. Grant
- (3) yon kat batay yon sòlda kap fè sèvis li nan Batay Gettysburg la desine
- (4) yon liv sou efè Lagè Sivil lan sou Sid la

24 Tèm *carpetbaggers* lan te sèvi pandan Rekonstriksyon pou dekri

- (1) Blan nan Sid yo ki te apiye pwogram Radikal Repiblik yo
- (2) Ameriken Nwa ki te genyen kontwòl ansyen plantasyon Sid yo
- (3) Moun nan Nò ki tap chèche plis lajan ki te ale rete nan Sid
- (4) Ansyen esklav Ameriken Nwa ki ale rete nan Lwès


25 Ki chanjman ki te genyen nan agrikilti Sid la nan lane ki te swiv Lagè Sivil lan?

- (1) Anpil ansyen esklav te vin tounen kiltivate.
- (2) Agrikilti pou sibzistans vin ilegal.
- (3) Pwodiksyon koton te fini.
- (4) Anpil ti fèm te mete ansanm pou vin tounen gwo plantasyon.

26 Taks lokal yo, tès literè ak pwopozisyon granpè yo tout te kreye nan fen lane 1800 yo pou redwi dwa vòt

- (1) Endyen Ameriken Nativ Natal
- (2) fanm
- (3) imigran
- (4) Ameriken Nwa

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 la.



Sous: James Davidson and Michael Stoff, *American Nation*, Prentice Hall (adapte)

27 Kat sa a apiye konklizyon ki di apati 1900 Lèzetazini te fè alyans ak yon politik etranje

- | | |
|----------------|-----------------|
| (1) andigman | (3) izolasyonis |
| (2) enperialis | (4) netralite |

28 Yon rezon prensipal ki fè Lèzetazini te vle konstwi Kanal Panama a se te pou

- (1) amelyore relasyon Lèzetazini ak Amerik Latin lan
- (2) ogmante komès ak Langletè
- (3) pwoteje sitwayen Lèzetazini kap viv nan Amerik Sid yo
- (4) Koupe nan wout lanmè ant kot Atlantik ak Pasifik yo

29 • Almay te oblige aksepte blam pou lagè nan Lewòp.

• Almay te oblige peye nasyon Lewòp yo reparasyon pou lagè.


• Almay te oblige dezame epi redwi fòs militè li yo.

Ki dokiman ki bay Almay pinisyon sa yo apre Premye Lagè Mondyal la?

- (1) Kowolè Roosevelt la
- (2) Akò Yalte a
- (3) Katòz Pwen yo
- (4) Trete Versailles la

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 lan.

Sifraj Fanm Anvan Ratifikasyon 19vyèm Amanman an, 1920



Sous: Sandra Opdycke, *The Routledge Historical Atlas of Women in America*, Routledge (adapte)

30 Anvan 1919, pifò nan eta ki te bay fanm dwa total pou yo vote te nan

- | | |
|------------|-----------|
| (1) Lwès | (3) Nòdès |
| (2) Midwès | (4) Sidès |
-

31 Renesans Harlem 1920 an te enfliyanse soyete Ameriken an lè li te

- (1) mete fen nan segregasyon rasyal nan itilite piblik yo
- (2) ogmante konesans kontribisyon Ameriken Nwa yo nan kilti Ameriken an
- (3) ankouraje pwojè renouvèlman iben yo nan gwo vil Ameriken yo
- (4) etabli yon pwogram gouvènnmantal pou asiste Ameriken Nwa yo

32 Sistèm kota a, ki te etabli kòm yon pati nan politik imigrasyon Lèzetazini nan lane 1920 yo, te fèt prensipalman pou

- (1) limite kantite imigran yon seri nasyon
- (2) ogmante kantite total imigran
- (3) otorize menm valè imigran sòti nan chak peyi
- (4) atire travayè kalifye ak envestisè komès yo

- 33 Anpil nan kwassans ekonomik 1920 yo te kreye ak
- ekspansyon rapid sistèm kanal yo
 - ogmantasyon èd gouvènman bay agrikiltè yo
 - lavant nouvo byen konsomatè
 - depans gouvènman an nan defans
- 34 Ki deklarasyon ki pi byen dekri fason Dezyèm Gè Mondyal lan te afekte fwaye nan Lèzetazini?
- Te genyen rasyonman gazolin, moun te plante jaden laviktwa, epi plis fanm tap travay nan faktori.
 - Yo te bonbade kay ameriken yo, faktori te fèmen, epi pwodiksyon manje te bese.
 - Pwodiksyon faktori te bese, fanm te pedi dwa yo, epi Ameriken te pèdi travay yo.
 - Chomaj te ogmante, twòp komès te fèt, epi fèm yo te echwe.
- 35 Ki gwoup yo te vin mande padon epi gouvènman federal la te vin bay lajan apre pou efase anprizonman li pandan Dezyèm GèMondyal l a?
- Alman Ameriken yo
 - Japonè Ameriken yo
 - Meksiken Ameriken yo
 - Italyen Ameriken yo
- 36 Jijman Nuremberg yo apre Dezyèm Gè Mondyal la te genyen anpil siyifikayon paske yo
- te fè moun pran responsablite zak yo te komèt pandan tan Lagè a
 - te padone lidè politik Japon an
 - te fòse nasyon yo peye nasyon ki pote laviktwa yo domaj lagè
 - sitwayen nasyon ki te pèdi lagè a te dirije li
- 37 Nasyonzini te kreye prensipalman pou
- kontwole zam atomik yo
 - fè pwopagann pou kondisyon ki apiye lapè sou latè
 - dirije jèfò rekonstriksyon apre Dezyèm Gè Mondyal lan
 - fè plis nasyon genyen gouvènman demokratik
- 38 Kisa ki te yon rezulta prensipal konstriksyon sistèm otowout ant eta yo nan lane 1950 ak 1960 yo?
- Vwayaj avyon te bese.
 - Izaj gazolin te bese.
 - Vwayaj tren te ogmante.
 - Zòn sibiben yo te ogmante.
- Sèvi ak pasaj anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 39 ak 40 yo.
- “... Epi lè sa rive, lè nou kite libète jème nan chak vilaj ak chak bouk, soti nan chak eta ak nan chak vil (*wi*), nap kapab fè jou sa a rive pi vit kote timoun Bondye yo, nwa ak blan, Jwif yo ak Payen yo, Pwotestan ak Katolik, pral kenbe men youn ak lòt epi chante pawòl ansyen Nèg spirityèl la:
“Nou resi libere! (*Wi*) Nou resi libere!
Mèsi Bondye Ki genyen tout Pouwva a, nou resi libere!”
- 39 Pawòl yo “nou resi libere” nan pasaj sa a fè referans a libète nan
- | | |
|--------------|---------------|
| (1) grangou | (3) rasis |
| (2) baboukèt | (4) taksasyon |
- 40 Ki deklarasyon ki pi byen apiye mesaj nan pasaj sa a?
- Egalite ak respè youn lòt ap nan avantaj tout Ameriken.
 - Ameriken Nwa yo se lidè dwa sivil.
 - Libète reliyion se libète ki pi enpòtan pou nou.
 - Fen esklavaj merite selebrasyon.
-

ALE NAN LÒT PAJ LA ➔

Sèvi ak ti komik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 41 an.



**“Reflechi-yon epòk la a
te yon dezè sèk!”**

Sous: Bill Mauldin, *Chicago Sun-Times* (adapte)

41 Ki deklarasyon ki pi byen eksprime opinyon moun ki fè ti komik lan?

- (1) Gouvènman an rive mete yon fen nan polisyon.
 - (2) Endistriyalizasyon te bay pwoblèm anviwonmantal.
 - (3) Depandans konsomatè yo sou gaz etranje te bese.
 - (4) Gwo komès te bon pou anviwonman Ameriken an.
-

42 Yon fason prensipal ekonomi Lèzetazini an te chanje depi 1960 se

- (1) djòb yo te chanje soti nan manifakti pou ale nan sèvis endistri
- (2) kantite ti fèm yo te ogmante pandan manifakti a tap bese
- (3) komès ak nasyon etranje yo te bese
- (4) teknoloji a te pèdi enpòtans li

43 Amannman konstitisyonèl yo te adopte pandan peryòd rekonstriksyon an te regle prensipalman

- (1) metòd pou chwazi senatè Lèzetazini yo
- (2) ekspansyon dwa Ameriken Nwa yo
- (3) entèdiksyon lavant bwason alkolize yo
- (4) Pwolonje pou bay famm dwa pou vote

44 Doktrin Monroe a, Kowlè Roosevelt la, ak politik Bon Vwazinaj la tout amelyore relasyon Lèzetazini ak

- | | |
|------------------|------------|
| (1) Amerik Latin | (3) Lazi |
| (2) Mwayennoryan | (4) Lafrik |

45 Yon resanblans ant Lagè Koreyen an ak Lagè Vyvetnam nan se chak nan yo te

- (1) yon reyakson fas a atak sou teritwa Ameriken
- (2) yon jèfò pandan Lagè Fwad la pou anpeche kominis gaye
- (3) kontinye jwenn sipò nan men piblik Ameriken an
- (4) te batay ak nasyon endividiyèl ki sou lòd Nasyonzini

FOR TEACHER USE ONLY


Part I Score _____

Pati II

Konsiy yo: Ekri repons ou pou kesyon ki swiv yo nan espas yo bay nan ti liv tès sa a.

Sèvi ak kat anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon soti 1 pou rive 3 yo.

Wout Echanj an Triyang (1700 yo)



Sous: Joyce Appleby et al., *The American Journey*, Glencoe/McGraw-Hill (adapte)

- 1 Identife **yon** pwodwi ekspòtasyon ki soti nan koloni Angle yo pou ale nan Langletè nan lane 1700 yo. [1]

Score


- 2 Kisa ki se **yon** karakteristik mèkantilis Angle a? [1]

Score

- 3 Ki lagè ki te yon rezulta opozisyon trèz koloni orijinal yo kont mèkantilis Angle a? [1]

Score

Sèvi ak ti komik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 jiska 6 yo.



Sous: Frank Bellew, *Harper's Weekly*, Oct. 11, 1862

- 4 Kisa pyebwa a reprezante nan ti komik sa a? [1]

Score

- 5 Ki **de** pati nan Lèzetazini Abraham Lincoln ak Jefferson Davis reprezante nan ti komik lan? [1]

Score

- 6 Ki pi gwo konfli ki te genyen nan Lèzetazini lè yo te desine ti komik sa a? [1]

Score

Sèvi ak piblisite nan jounal ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon soti 7 pou rive 9 yo.

Piblisite nan jounal anba a, ke steel trust peye pou li, parèt nan Pittsburgh Chronicle Telegraph pandan grèv bout fè nan Pittsburgh an 1919.



7 Kisa ki se ide prensipal piblisite nan jounal sa a? [1]

Score

8 Poukisa mesaj sa a ekri nan diferan kalite lang? [1]

Score

9 Site **de** rezon travayè nan fen 1800 yo ak koumansman 1900 yo te fè grèv? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Sèvi ak atik jounal ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon soti 10 pou rive 12 yo.

Bòykòt bis moun Nwa [Ameriken Nwa] ap fè an toujou la

MONTGOMERY, Ala., 19 desanm (AP) — Yon komite sitwayen ki fòme ak wuit rezidan blan ak wuit Nwa echwe nan eseye jwenn yon baz pou mete fen nan bòykòt kenz jou bis vil yo Nwa ap fè. Bòykòt la te koumanse apre yo te mande yon fanm Nwa peye 14 dola amann poutèt li pat vle ale chita nan pati pou Nwa nan bis la.

— “Negro Bus Boycott Still On,” *New York Times*, 20 Desanm 1995

10 Nan ki vil bòykòt bis la te pase? [1]

Score

11 De kilès fanm Ameriken Nwa yap pale nan dènye fraz dokiman sa a? [1]

Score

12 Pou ki rezon bòykòt bis la te fèt? [1]

Score

FOR TEACHER USE ONLY

Part II Score _____

